

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Kaparigelan basa ngawengku opat aspék, nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca jeung nulis. Tujuan pangajaran basa Sunda di SMP sangkan siswa bisa meunangkeun pangalaman jeung pangaweruh ngeunaan basa jeung sastra Sunda sarta bisa nyangkem tur paham kana opat kaparigelan basa. Pangajaran ngaregepkeun sarua pentingna jeung nyarita, maca atawa nulis.

Kegiatan ngaregepkeun mangrupa salasihiji tina opat aspék (catur tunggal) kaparigelan makéna basa. Dina harti sapopoé, kegiatan ngaregepkeun téh aya kalana sok dipacorokeun jeung kagiatan ngadéngékeun. Tapi, mun seug diteuleuman, tétéla aya bédana antara ngadéngé jeung ngaregepkeun. Hartina lamun ngadéngé mah tacan tangtu ngaregepkeun, sedengkeun ari ngaregepkeun mah tangtu baé kudu ngadéngé éta sora.

Ngadéngékeun béda deui jeung kagiatan ngaregepkeun (menyimak, listening). Ngaregepkeun mah mangrupa prosés atawa aktivitas kamahéran basa anu kompléks. Pangna disebut kompléks sabab teu kalis ku ngadéngé sorana hungkul. Tapi ogé meredih konséntrasi anu daria deuih. Tanpa konséntrasi anu daria, pamohalan urang bisa maham eusi wacana regepan kalawan hadé. Sajeroning lumangsungna prosés ngaregepkeun, kagiatan méntal urang (paregep) téh bakal aktip milih atawa ngajén informasi anu pinilih. Ku kituna, para ahli

pangajaran ngaregepkeun sapuk tur sapamadegan yén ngaregepkeun téh mangrupa kagiatan anu sipatna réseptif aktif.

Dina SKKD mata pelajaran basa jeung sastra Sunda, ngaregepkeun aya dina kompetensi dasar kelas IX jeung deui ngaregepkeun mangrupa salasihiji tina opat kaparigelan basa anu dijadikeun standar lulusan pikeun SMP.

Carita pondok (carpon) nya éta carita rékaan (fiksi) tina tingkah laku manusa anu nyaritakeun kahirupan masarakat atawa manusa sapopoé anu méré kesan lir enya-nya kajadian. Eusina biasana teu lepas tina ajén atikan jeung moral pikeun pieunteungeun atawa picontoeun hususna anu macana.

Carita pondok sok disingget jadi carpon. Carpon téh najan nyaritakeun hirup jeung huripna manusa, tangtu lain sagemblengna, biasana ukur nyokot tina sempalan (épisode) kajadian utama manusa. Carita pondok mangrupa hasil rékacipta pangarangna, jadi lain lalakon anu enya-nya kajadian.

Masalah anu kapanggih di lapangan ngeunaan pangajaran ngaregepkeun carpon nya éta siswa kurang konséntrasi kana matéri pangajaran carpon anu ditepikeun utamana dina hal ngaregepkeun, siswa kurang saregep nalika ngaregepkeun carpon

Hal ieu saluyu jeung pamadegan Tarigan (1986: 129-130) nétélakeun yén:

“Dalam kegiatan praktek, survey bahwa pada umumnya kita menggunakan waktu untuk menyimak hampir tiga kali sebanyak waktu untuk membaca (sarana penting lainnya untuk menerima informasi), tetapi anehnya sedikit sekali perhatian diberikan untuk melatih orang

menyimak. Kenyataan di atas membuktikan bahwa perhatian berbagai pihak terhadap keterampilan menyimak masih kurang.”

Aya sababaraha faktor pangna masalah pangajaran ngaregepkeun dianggap hésé ku siswa. Hal ieu dipangaruhan ku sababaraha faktor, diantaranya nya éta nalika matéri dibikeun kuduna siswa geus siap narima matéri ajar tapi kanyataanana masih aya siswa anu papaharé nalika matéri ajar dibikeun. Pangajaran ngaregepkeun merlukeun konséntrasi anu daria, tapi kanyaataan di lapangan, nalika ngaregepkeun siswa masih aya nu teu saregep, faktor anu paling mangaruhan nya éta kaayaan kelas anu kadang-kadang sok ribut jeung deui siswa kurang ngarti kana kekecapan basa Sunda. Lain ukur éta waé nu dijadikeun bangbaluh nalika pangajaran lumangsung, dina nyanghareupan pelajaran basa Sunda kaitung saeutik siswa anu sumanget tur gumbira dina nyanghareupan pelajaran basa Sunda komo deui dina pangajaran ngaregepkeun mah. Nu mangaruhan kana hal ieu nya éta métode pangajaran nu éta-éta kénéh. Nalika pangajaran lumangsung guru masih kénéh ngagunakeun métode ceramah sedengkeun siswa geus bosen ku métode belajar anu kitu-kitu kénéh. Nalika matéri dibikeun ka siswa, masih aya siswa anu katingali kurang resep kana pangajaran basa Sunda. KKM basa Sunda di SMP Negeri 17 Bandung nya éta 75, tapi kanyataanana masih aya siswa anu tacan bisa ngahontal wates KKM anu geus ditangtukeun. Tapi, lamun 80% siswa geus bisa ngahontal KKM, siswa dianggap berhasil dina pangajaran basa Sunda. Pelajaran basa Sunda dianggap hésé ku barudak di sakola, éta ogé mangrupa salasahiji faktor pangna barudak di sakola kurang saregep nalika narima pangajaran. Katambah deui modél atawa métode anu dipaké disakola pikeun diajar kurang variatif jeung inovatif.

Salasahiji tarékah anu dipaké pikeun ngungkulan masalah di luhur nya éta ngarobah modél pangajaran pikeun diajar ngaregepkeun carpon. Modél pangajaran mangrupa pedoman pikeun guru jeung murid dina ngalaksanakeun prosés belajar mengajar. Joyce&Weil (1980) nétélakeun modél pangajaran (*model of teaching*) nya éta perencanaan anu digunakeun pikeun nyusun kurikulum, ngatur matéri pangajaran, jeung méré sawangan pikeun pangajar anu aya di kelas dina setting pangajaran atawa setting anu séjén. Ku cara ngagunakeun modél démonstrasi. Modél démonstrasi leuwih langsung ngalibatkeun siswana sangkan leuwih aktif. Prosés pangajaran anu diperagakeun sacara langsung bisa leuwih ngirut minat siswa kana diajar utamana diajar basa Sunda. Dina prosès diajar modél démonstrasi, siswa bisa meragakeun langsung kumaha léngkah-léngkah modél démonstrasi.

Tujuan modél démonstrasi nya éta sangkan siswa bisa nyieun parobahan kana kaparigelanana. Aya tujuh léngkah modél démonstrasi, nya éta: (1) guru nepikeun tujuan pangajaran anu hayang dihontal, (2) guru medar gambaran matéri pangajaran anu bakal diajarkeun, (3) guru jeung siswa nyiapkeun bahan ajar atawa alat nu diperlukeun, (4) guru nitah salasahiji siswa pikeun ngadémonstrasikeun saluyu jeung skénario bahan ajar nu geus aya, (5) kabéh siswa merhatikeun démonstrasi tuluy nganalisis, (6) siswa atawa kelompok siswa medar hasil analisis jeung pangalaman siswa anu ngadémonstrasikeun, (7) guru nyieun kacindekan.

Kaunggulan dina ngagunakeun modél démonstrasi nya éta siswa bisa langsung merhatikeun bahan ajar anu keur di peragakeun, jeung prosès diajar bisa leuwih ngirut sabab siswa henteu ngan ngaregepkeun tapi ogè ningali

démonstrasi anu ditampilkeun di hareup. Lamun siswa ngilu aktif dina ngalakukeun démonstrasi, siswa bisa meunangkeun pangalaman prakték pikeun ngamekarkeun kaparigelanna.

Anu geus nalungtik ngeunaan pangajaran ngaregepkeun aya sababaraha urang salasihijina nya éta ngeunaan kamampuh siswa ngaregepkeun dongéng ngagunakeun média audio di kelas VII SMPN 12 Bandung ku Ivan Sufaran Permadi. Bahasan anu dipaké béda jeung anu ditalungtik ngeunaan pangajaran ngaregepkeun carpon ngagunakeun modél.

Ku kituna pikeun ngaréngsékeun pasualan diluhur dilakukeun parobahan dina ngagunakeun modél pangajaran. Dumasar éta tinimbangan perlu ayana tindakan kelas. Ku ayana kitu, ieu skirpsi judulna **Modél Démonstrasi pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Ngaregepkeun Carita Pondok (Penelitian Tindakan Kelas ka Siswa Kelas IX D SMPN 17 Bandung Taun Ajaran 2011-2012)**

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah, dina ieu panalungtikan dipedar ngeunaan Modél Démonstrasi pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Ngaregepkeun Carita Pondok (Penelitian Tindakan Kelas ka Siswa Kelas IX D SMPN 17 Bandung Taun Ajaran 2011-2012). Utamana dina prosés pangajaran, modél démonstrasi kurang dipaké jeung dilaksanakeun. Ku kituna, dina ieu

panalungtikan baris dimaksimalkeun modél démonstrasi dina pangajaran ngaregepkeun carita pondok.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha prak-prakan pangajaran ngaregepkeun carita pondok ngagunakeun modél démonstrasi di SMPN 17 Bandung?
- 2) Kumaha kamampuh ngaregepkeun carita pondok saméméh jeung sabada ngagunakeun modél démonstrasi siswa kelas IX D di SMPN 17 Bandung?
- 3) Naha modél démonstrasi bisa ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun carita pondok siswa kelas IX D di SMPN 17 Bandung?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum anu hayang dihontal dina ieu panalungtikan nya éta hayang ngoméan pangajaran ngaregepkeun ngagunakeun modél démonstrasi.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan ngabogaan tujuan hayang ngadéskripsikeun.

- 1) Prak-prakan pangajaran ngaregepkeun carita pondok ngagunakeun modél démonstrasi.

- 2) Kamampuh ngaregepkeun carita pondok siswa kelas IX D SMPN 17 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél démonstrasi, sarta
- 3) Ngaronjat atawa henteu kamampuh ngaregepkeun carita pondok anu ngagunakeun modél démonstrasi di kelas IX D SMPN 17 Bandung.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nya éta bisa mekarkeun métode pangajaran basa Sunda ngaliwatan modél atawa nambahan modél-modél pikeun sistem pendidikan dina hal nyiptakeun modél pangajaran basa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

a) Pikeun Guru

Pikeun guru pangajaran basa Sunda dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan modél pangajaran, hususna anu ngagunakeun modél démonstrasi dina pangajaran ngaregepkeun carita pondok, sarta mikanyaho kumaha kamampuh siswa séwang-séwangan sanggeus ngagunakeun modél démonstrasi.

b) Pikeun Siswa

Siswa bisa mikanyaho kumaha mangpaat modél démonstrasi dina prosés pangajaran utamana dina kagiatan ngaregepkeun carita pondok. Sangkan aya sumanget jeung resep dina diajar jeung bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina ngaregepkeun carita pondok.

c) Pikeun Nu Nalungtik

Sanggeus diayakeun kagiatan panalungtikan, bisa dipikanyaho babandingan kamampuh siswa dina kagiatan ngaregepkeun carita pondok anu henteu ngagunakeun modél pangajaran jeung anu ngagunakeun modél pangajaran.

1.5 Wangenan Istilah

Sangkan leuwih museur, ieu di handap dijéntrékeun istilah-istilah anu aya patalina jeung judul panalungtikan, nya éta:

- 1) Modél démonstrasi nya éta salasihiji modél pangajaran anu dina prakranana siswa anu leuwih aktip dina prosés pangajaran. Modél démonstrasi kabagi kana 7 léngkah pangajaran nya éta: 1) guru nepikeun tujuan pangajaran anu hayang dihontal, 2) guru medar gambaran matèri pangajaran anu bakal diajarkeun, 3) guru jeung siswa nyiapkeun bahan ajar atawa alat anu diperlukeun, 4) guru nitah salasihiji siswa pikeun ngadémonstrasikeun carita pondok saluyu jeung skénario bahan ajar anu geus aya, 5) kabéh siswa merhatikeun démonstrasi tuluy nganalisis, 6) siswa atawa kelompok siswa medar hasil analisis jeung pangalaman siswa anu ngadémonstrasikeun, 7) guru nyieun kacindekan.
- 2) Ngaregepkeun nya éta kagiatan anu kompléks nu sifatna réseptif aktif, meredih konséntrasi anu daria, interprétasi, persépsi, aprésiasi, évaluasi jeung réaksi.

- 3) Carpon nya éta carita rékaan (fiksi) tina tingkah laku manusa anu nyaritakeun kahirupan masarakat atawa manusa sapopoé anu méré kesan lir enya-nya kajadian.

1.6 Anggapan Dasar jeung Hipotésis

1.6.1 Anggapan Dasar

Dina panalungtikan diperlukeun anggapan dasar. Anu disebut anggapan dasar, mangrupa bebeneran tiori atawa pamadegan anu dijadikeun tatapakan hiji panalungtikan, sarta éta mangrupa hiji cecekelan anu teu kudu diuji deui bebeneranana. Anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Ngaregepkeun mangrupa salasahiji aspék tina opat kaparigelan basa anu diajarkeun di sakola.
- 2) Pangajaran ngaregepkeun carpon kelas IX aya dina pedoman KTSP pangajaran basa Sunda jeung sastra Sunda 2006.
- 3) Modél démonstrasi mangrupa salasahiji modél pikeun pendidikan anu bisa digunakeun dina pangajaran ngaregepkeun.
- 4) Kamampuh ngaregepkeun bisa ngaronjat ngaliwatan latihan.

1.6.2 Hipotésis Tindakan

Hipotésis nya éta jawaban saheulaeunana tina pasualan panalungtikan. Numutkeun Fraenkel jeung Wallen (1990), hipotésis mangrupa prédiksi ngeunaan kamungkinan hasil tina hiji panalungtikan. Ku lantaran ieu panalungtikan

ngagunakeun métode PTK, hipotésis anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta hipotésis tindakan.

Hipotésis tindakan nya éta jawaban saheulaeunana dina ieu panalungtikan. Tapi, panalungtikan ieu kudu leuwih nyoko kana prak-prakan tindakanana. Hipotésis tindakan dina ieu panalungtikan nya éta:

Hipotésis Tindakan

Anu jadi hipotésis tindakan dina ieu panalungtikan nya éta: “Modél démonstrasi bisa ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun carita pondok siswa kelas IX D di SMPN 17 Bandung”.

1.7 Métode Panalungtikan

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta Penelitian Tindakan Kelas (PTK). Ieu métode digunakeun pikeun nguji éfektif henteuna prosés diajar ngajar salila prosés pangajaran lumangsung. Modél démonstrasi dipilih pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun carita pondok siswa kelas IX D SMPN 17 Bandung, penelitian tindakan kelas miboga tujuan pikeun ngaréngséseun sababaraha pasualan anu nyata tur praktis dina ngaronjatkeun diajar basa Sunda pikeun kualitas pangajaran di kelas anu dilakukeun langsung antara guru jeung siswa nalika ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar.

PTK nya éta panalungtikan tindakan (*action reseach*) anu dilakukeun di kelas lantaran miboga tujuan pikeun ngaronjatkeun kualitas prakték pangajaran. PTK museur kana kelas atawa kana prosés diajar-ngajar anu lumangsung di kelas, lain kana *input* kelas (silabus, matéri, jsb) atawa *output* (hasil diajar). PTK kudu

museur kana hal-hal nu lumangsung di jero kelas. Numutkeun McNiff (1992:1) dina buku nu judulna *Action Research Principles and Practice* nétélakeun yén PTK salaku bentuk panalungtikan réfléktif anu dilakukeun pendidik ngeunaan kurikulum, ngamekarkeun sakola, ngaronjatkeun préstasi diajar, ngamekarkeun kaparigelan ngajar, jsb.

PTK anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan ngaliwatan 2 siklus. Siklus nu kahiji nya éta perencanaan, pelaksanaan, pengamatan jeung réfléksi. Tahap nu kahiji nya éta perencanaan, maksudna nya éta saacan ngalaksanakeun tindakan panalungtik nangtukeun heula fokus kajadianana. Salaku panalungtik kudu bisa netepkeun masalah anu bener-bener merlukeun tindakan dina sistem pangajaran. Sanggeus aya perencanaan tuluy aya pelaksanaan, Lamun hiji masalah dianggap bener-bener merlukeun tindakan, panalungtik langsung nerapkeun eusi rarancang anu geus ditangtukeun nya éta ngagunakeun tindakan di kelas. Sanggeus tindakan dilaksanakeun satuluyna diayakeun pengamatan, hal ieu dimaksudkeun sangkan panalungtik mikanyaho kumaha tindakan anu geus dibikeun ka siswa nalika pangajaran lumangsung. Sanggeus tahap katilu lumangsung satuluyna tahap terahir nya éta réfléksi hal ieu dilaksanakeun sangkan panalungtik mikanyaho mana anu geus hadé jeung mana anu tacan hadé. Lamun siklus hiji geus lumangsung tapi tingkat préstasi siswa dina pangajaran masih kurang, satuluyna diayakeun siklus nu kadua, sangkan bisa ngaronjatkeun prosés diajar.

Ku kituna, panalungtikan anu dilumangsungkeun, mangrupa panalungtikan tindakan kelas anu ngagunakeun modél pangajaran démonstrasi,

anu ngawengku sababaraha hal saperti: matéri ajar, rencana pelaksanaan pembelajaran (RPP), lembar kerja siswa, lembar obsérvasi guru, lembar obsérvasi siswa, catetan lapangan jeung instrumén lembar tés.

1) Setting/tempat

Tempat panalungtikan ieu lumangsung di SMP Negeri 17 Bandung.

2) Satuan Tindakan

Tindakan anu baris dilaksanakeun nya éta PTK (Panalungtikan Tindakan Kelas). PTK dianggap pantes dipaké nalika prosés pangajaran kusabab dina PTK aya tindakan nu langsung ka siswana sorangan.

3) Kuota

Dina pangajaran basa Sunda KKM anu kudu dihontal ku siswa nya éta 75, tapi upama 80% siswa geus bisa ngahontal KKM, prosés PTK dianggap berhasil.

4) Waktu Pelaksanaan

Panalungtikan ieu dilaksanakeun salila PPL lumangsung, salila 4 bulan.

1.8 Lokasi

1.8.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi panalungtikan ieu dilaksanakeun ka siswa kelas IX D di SMP Negeri 17 Bandung taun ajaran 2011-2012 anu jumlah siswana 41 urang.